Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгукъэхэ!

# ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкессиз обкомым, гуащlэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я оргэнщ

№ 98 (2375) | Махуэку, августым и 24-м 1944 гъ. | И уас. кl. 20

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЭБГЪЭДЭКIЫУ

### Августым и 23-м и оперативнэ сводкэ

Августым и 23-р екlуэкlыхункlэ ТАРТУ городым и ищщэ-къуэкlыпlэ, ищщэ лъэныкъуэкlэ ди дзэхэм зауэкlэ къащтахэщ къуажэ 25, абыхэм ящыщхэщ МИННА, ХИЛЬЯ, ЛЯТИ, ИЛЛИ, ОТЕАЯ, гъущlгъуэгу станцхэу РЭОЛА, УХТИ, АЙЯМА.

Город ИЕГЛАВА, (МИТАВА) и ищщэ къуэкlыпlaIуэкlэ ди дзэхэм зызэпырагъэгъэзахэщ бийм и пехотэрэ танкрэ зэщlэту контратакэ къызэрагъэкlуэхэр икlи абы къыхэкlкlэ ди позицэхэр нэхъыфI ящlахэщ.

Город ЛОМЖА и ищщэ-къуэкlыпlaIуэкlэ икlи и ищщаIуэкlэ ди дзэхэм, наступление ирагъэкlуэкlкlэрэ, зауэкlэ къащтахэщ къуажэ 50-м щlигъу, абыхэм ящыщщ гъущlгъуэгу зэхыхьэпlэ станцу МАЛКИНЯ-ДУРНА, къуажэшхуэхэу ВЫЖИКИ, ВЫПЫХИ, ШУМОВО, АНДЖЕЕВО, ЗАРЕМБЫ, КАНЬКОВО, гъущlгъуэгу станцу ЧЕРВОННЫЙ БОР (МОМЖА километрэ 13-кlэ и ищщэ-къуэкlыпlaIуэщ).

ПРАГА и ищхъэрэ-къуэкlыпlaIуэкlэ икlи и къуэкlыпlaIуэкlэ ди дзэхэм зызэпырагъэгъэзахэщ атакэ бийм пехотэрэ танкрэ зэщlэту къигъэкlуэхэм.

1-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм, наступлением зырагъэубгъукlэрэ, августым и 23-м ебгъэрыкlуэхэри къащтащ авиационнэ промышленностым и центрэ ин икlи мыхьэнэшхуэ зиlэ гъущlгъуэгу зэхыхьэпlэ город ДЕМБИЦА, абы хуэдэ къабзу зауэкlэ къащтахэщ къуажэ 70-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ОСТАЛИНИС, ВАМПЕЖУВ, РАДОМЫКУН, ВЕЛЬКИ, ЖАРУВКА, РУЖКА, КЕНДЗЕЖ, КАВЕНЧИН, ЗАВАДА, ЛОГУХОВА, гъущlгъуэгу станцхэу ПШЕЦЛОВ, ДОМБЬЕ, ПУСТКУВ, КОХАНУВКА.

2-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм, танкхэм соединениемрэ пехотэмрэ псынщlэу ирагъэкlуэкlа атакэхэм къыхэкlкlэ, августым и 23-м къащтащ мыхьэнэшхуэ зиlэ коммуникацэ икlи СЕРЕТ, ПРУТ псыхэм я зэхуакум деж бийм и оборонэм и щlэгъэкъуэн пункту щытар—город ВАСЛУЙ, абы хуэдэ къабзу зауэкlэ къащтахэщ нэмыщI къуажи 150-м щlигъу, абыхэм ящыщщ Молдавскэ ССР-м и районнэ центр КОРНЕШТИ, къуажэшхуэхэу КУЗА-ВОДЭ, БУТЯ, НЕГРЕШТИ, ГЫРЧЕНИЙ, ОЗЕШТИЙ, КЕТРЕШТИЙ, ЗЭПОДЕНИЙ, ФЕРЕШТИ, ДОБРОВЭЦКИЙ ПРИСЕТАНИЙ, КОСТУЛЕНЫ, МАКАРЕШИЫ, МИЛЕШТЫ, БАХМУТ, ПАЛАНКА, МЫНДРА, гъущlгъуэгу станцхэу КОРНЕШТИ, ГОРА, ПЫРМЩА, ГРАНСДУРЬ, СКЫНТЕЯ, РЕБРИЦА, БУХЭЕШТИ, БЭРДЕШТИЙ, БЭЛТЕНИЙ, НЕГРЕШТИЙ, ТОДИРЕШПИИ.

3-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм, наступление ирагъэкlуэкlкlэрэ, августым и 23-м ебгъэрыкlуэхэри къащтащ ДНЕСТР псыр здыхэлъэдэжым деж бийм и оборонэм и щlэгъэкъуэн мыхьэнэшхуэ зиlэ пункт—городхэу БЕНДЕРЫ, БЕЛГОРОД-ДНЕСТРОВСКИЙ (АККЕРМАН), абы хуэдэ къабзу зауэкlэ къащтахэщ нэмыщI къуажэ 200-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ Молдавскэ ССР-м и районнэ центрхэу—городхэу КОМРАТ, РОМАНОВКА, Измаильскэ областым и районнэ центр городхэу СТАРУК, МАЗАТЬЕ, ШАБО, САРАТА, АРЦЫЗ, гъущlгъуэгу зэхыхьэпlэ станцу БЕССАРАБНАЯ, абы хуэдэ къабзу къуажэшхуэхэу ПЕРЕСЕЧИНА, ЗАГАЙКАНА, БАЛАБАНЕШТЬ, ЧИМЕШЕНИ, ВУЛЬБОКИ, ГИСКА, ЗОЛОТЯНКА, КАШКАЛКЯ, БАЙМАИЛИЯ, БАТУРИ, ГУРА-ГАЛБЕНА, КАРАКУШ, БОРОГАНЫ, ВИШНЕВКА, САДЫК, КИРСОВА, ТВОРДИЦА, КРАСНО, ПАРИС, ФРИДЕНСТАЛЬ, ВАДЕНЬ, КОРНИЛОВКА, гъущlгъуэгу станцхэу БУЛЬБОКИ, СОКОЛЕНЬ, СИНОГО ПЕТРЕШИТЬ, АБАКЛИЗ, ЧОК-МАЙДАН, КАМРАТ, ДЕЗГИНЖЕ, САРАТА.

Фронтым и адрей участкэхэм деж зэхъуэкlыныгъэ щlагъуэ къыщыхъуакъым.

Августым и 22-м и кlуэцlкlэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэхакъутахэщ немецкэ танк 174. Хьэуэм щекlуэкlа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафlэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 94.

## Къэралым и кIуэцIкIэ щыIэ французскэ вооруженнэ къарухэм хуит къащIыжащ Париж

ЛОНДОН, августым и 23-м. (ТАСС). Рейтерым и агентствэм жеIэр къэралым и кIуэцIкIэ щыIэ французскэ вооруженнэ къарухэм и генерал Кенига къырегъэхьыр, августым и 19-м и пщэдджыжьым зизыгъанэ национальнэ советымрэ Парижскэ компания хуит къэзыщIыжымрэ национальнэ делегациям къыдащтэкIэрэ, Французскэ Национальнэ Освобождением приказ яритащ Парижрэ Парижскэ районымрэ дежхэм псоми восстание ящIынхэу. Къэралым и кIуэцIкIэ щыIэ французскэ вооруженнэ къарухэм я бжыгъэр цIыху мин 50 хъум, абыхэм цIыху минищэ бжыгъэ Iэщэ зымыIыгъхэрикI ядэIэпыкъуу патриотхэм зауэу щIадзахэщ. Парижскэ полицияу, нэхъ пасэу забастовкэм зыхуэзыгъэхьэзырахэм, къащтащ полицейскэ протектурэр, остров Сите де Пари (городым и административнэ центрэщ) икIи ар бастион хъуащ, германскэ атакэ псорикI къыздемыхъулIэм.

Дыгъуасэ, августым и 22-м, махуиплI зауэ ирагъэкIуэкIам и ужькIэ, бийр Париж деж зэхаукIауэ щытащ. Общественнэ здания псорикI патриотхэм къащтахэщ. Виши и представительхэр хьэпсэ хъуахэщ е щIэпхъуэжахэщ. Абхуэду, Париж хуит къэщIыжыныгъэм абы и цIыхухэр хуабжьу хэлэжьыхьахэщ.

## Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыригъэхь хъыбархэр

ЛОНДОН, августым и 22-м. (ТАСС). Нобэ союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм и верховнэ командованием и штабым къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэхэр:

Союзникхэм я дзэхэр, Лизьерэ тенджызымрэ я зэхуакухэм деж хуабжьу кIуатэхэкIэрэ, къащтахэщ Дезюле, Див-Сюр-Мер. Лизье и къухьэпIэ лъэныкIуэмкIэ союзникхэм я дзэхэм къащтащ Камбремер. Вимутье и екIуэлIапIэхэм деж зауэ щокIуэкIыр.

Шамбуа и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ ди дзэхэр ипэкIэ кIуэтахэщ Гасе ди IэмыщIэ илъщ. Бий къаухъуреихьар къызэрикIыжынум хуабжьуэ щIэкъуащ, ауэ абы я гугъапIэхэр къехъулIакъым. А щIыжыныгъэмкIэ зауэ ирагъэкIуэкIхэр.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщцыхъуакъым.

Уэлыбану щытыныгъэр хьэуэм щызэуэныгъэм зэран хуэхъуащ.

Рейтерым и агентствэм къетыр, Фалеза къаухъуреихьам деж союзникхэм я дзэхэм плен къащIа немец бжыгъэр мэхъур мин 25 сакъхэуэ къызэралъытам къызэригъэлъагъуэмкIэ.

### Союзникхэм я дзэхар Марсель дыхьахэщ

ЛОНДОН, августым и 23-м. (ТАСС). Рейтерым и агентствэм нобэ пщыхьэщхьэм къетыр Италиям щыIэ Средиземноморской театрым и вооруженнэ къару союзникхэм я штабым мы сообщениер, союзникхэм я дзэхэр Марсель дыхьахэу.

## ИлъэсыщIэ еджыгъуэр къосыр

ЧЕРКЕССК. Черкескэ педучилищэм иджыри еджакIуэхэр ищтэныгъэ Iуэхур фIыуэ щокIуэкIыр. Абы къыщIыхьэнухэщ адыги, абази, нэгъуейкI икIи абыхэм щхьэкIэ класс щхьэхуэхэр щыIэнухэщ. КъакIуэ еджакIуэхэм щхьэкIэ общежитие иратыр.

Ауэ а училищэм, ущIыхьэн папщIэкIэ экзамен тын хуейщ фIыуэ арифметикэмкIэ, урысыбзэмкIэ икIи адыгэбзэмкIэ. Мыбы къыщIыхьэ еджакIуэм ищIэн хуейщ зэреджэну Iуэхугъуэр икIи ар фIыуэ илъэгъун зэрыхуейр.

ИлъэсыщIэ еджэгъуэ къэсым фIыуэ холэжьыхьхэр егъэджакIуэхэр. Ахэр х... хьэзырхэщ еджакIуэ и... тание бжьыхьэм зытк... нухэм щхьэкIэ. Педучилищэр ремонт щIыныгъэмкIэ холэжьыхьэр.

Педучилищэм и егъэджакIуэ гуэрхэрикI еджакIуэхэр къэщтэныгъэмкIэ районхэм командировкэ макIуэхэр. Абхуэдэу фIыуэ щекIуэкIынущ заочнэ отделениехэм къэщтэныгъэмкIэ. ИлъэсыщIэ еджэгъуэр къосыр икIи абы училищэр фIыуэ хуэхьэзыру щытынущ.

## Ди авиацияр румынскэ портхэу Констанц, Сулин, Вилков ятеуэныгъэмкIэ

Черноморскэ флотым и авиацияр теуащ Констанц, Сулин, Вилков румынскэ портхэм. Констанца портым деж ди авиациям псым щIыригъэлъэфащ дыIэпыкъуэгъу хъу крейсер, кхъухь и хьэлъагъыр тонн 1000 хъууэ, зыплъыхьакIуэ катер. Сулин портым деж псым щIырагъэлъэфащ кхъухь и хьэлъагъыр тонн 1000 хъууэ, баржи 2, катер.

Ответ. редактор М. САКИЕВ.

ВУ 00246

Черкесская областная государственная типография